



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO DEPLWAYE UIT KIT VAKSINASYON
KOMINOTÈ NAN LEGLIZ AK NAN SANT KILTIRÈL NAN VIL NEW YORK, LONG
ISLAND & WESTCHESTER**

***Sit Manhattan nan Legliz Batis Abyssinian te ouvri dimanch 17 janvye a; tout lòt
sit yo te ouvri lendi 18 janvye***

***Favorize enstriksyon Gouvènè a pou distribye vaksen nan kominote enstitisyon
swen sante tradisyonèl yo mal desèvi yo***

Foto Sit Legliz Batis Abyssinian yo [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te deplwaye uit kit vaksinasyon kominotè nan legliz ak enstitisyon kiltirèl yo nan Vil New York, Long Island ak Westchester. Sit sa yo soutni efò Eta New York pou distribye vaksen COVID-19 nan kominote koulè yo ak kominote ki gen revni fèb yo ki se kominote ke enstitisyon swen sante tradisyonèl yo mal desèvi. Sit Manhattan nan Legliz Batis Abyssinian (Abyssinian Baptist Church) te ouvri yè epi rès sit yo te ouvri jodi lendi 18 janvye a. Reveran Dr Calvin O. Butts, III nan Legliz Batis Abyssinian se te premye moun ki pran vaksen an nan sit la. Sit yo te ouvri pou tout Nouyòkè ki kalifye yo. Eta a ap planifye sit vaksinasyon tanporè similè nan kominote yo nan pati nò a.

Pliske apwovizyonman federal la limite abilite pou distribye vaksen yo, nou ankouraje Nouyòkè pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou. Vaste rezo distribisyon New York ak gwo popilasyon moun ki elijib yo depase lajman apwovizyonman vaksen ki soti nan gouvènman federal la. Semèn sa a, New York ap resevwa sèlman 250,000 dòz nan men gouvènman federal la pou yon linivè ki gen plis pase 7 milyon moun ki elijib.

"Eta a ap travay byen vit pou ouvri sit vaksinasyon toupatou nan eta a pou mete egwi nan bra Nouyòkè ki elijib yo pi vit epi yon fason ki kis jan sa posib, malgre fèb apwovizyonman ki soti nan gouvènman federal la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te di depi premye jou nan efò vaksinasyon an ke nou pa pral pèmèt kominote koulè yo ak katye ki gen revni ki fèb yo rete dèyè nan dezè swen sante yo nan sa ki gen pou wè ak efò vaksinasyon COVID la. Legliz yo ak enstitisyon kiltirèl yo se patnè enpòtan nan efò sa a, epi uit sit sa yo pral ede plis Nouyòkè ki pi elijib yo pran vaksen an pi vit menm lè nou ap fè fas ak mank apwovizyonman gouvènman federal la."

Etablisman nan uit sit sa yo te rive posib gras ak patenarya ak alafwa SOMOS ak Northwell Health. Uit sit yo sitiye nan adrès ki anba yo:

Ouvri 17 janvyè

- **Manhattan:** Egliz Batis Abyssinian, 132 W 138th St., New York, NY 10030

Ouvri 18 janvyè

- **Brooklyn:** Christian Cultural Center (Sant Kiltirèl Kretyen), 12020 Flatlands Ave., Brooklyn, 11207
- **Bronx:** Community Protestant Church (Egliz Pwotestan Kominotè) 1659 E Gun Hill Rd, The Bronx, NY 10469
- **Queens:** Queens Baptist Church (Egliz Batis Queens), 93-23 217th St., Queens Village, NY 1142
- **Konte Nassau:** Grace Cathedral International (Katedral Entènasyonal Delagras), 886 Jerusalem Ave., Uniondale NY, 11554.
- **Konte Suffolk:** Prayer Tabernacle (Tabènak Delapriyè) COGIC, 3550 Great Neck Rd., Amityville, NY 11701
- **Staten Island:** Mt. Sinai Center for Community Enrichment (Sant pou Anrichisman Kominotè Mt. Sinai), 382 Jersey St., Staten Island, NY 10301
- **Konte Westchester:** Calvary Baptist Church, (Egliz Batis Dikalvè) 188 Orawaupum St., White Plains, NY 10606

Prezidan Egzekitif SOMOS Community, Dr. Ramon Tallaj, te deklare, "Pandan premye vag pandemi an, ak atravè ane travay nou yo nan trete kominote koulè ki gen revni fèv yo - ki pa pwogrese istorikman - rezo mwen te kreye yon modèl nasyonal nan bon jan kalite swen sante prevantif nan non kominote yo ki pi defavorize nan Etazini—yon modèl ki baze sou konpetans kiltirèl, aksè ogmante, ekite, ak kapasite medikaman ki baze nan kominote a pou adrese detèminan sante sosyal yo avèk siksè. Kounye a, nan mitan lansman yon vaksen COVID 19 ki make pa mefyans, rate, ak ijans, modèl nasyonal sa a pa te janm enpòtan konsa nan pwoteje pèp nou an - nan New York ak nasyonalman nan kominote similè yo. Avèk sipò lidèchip vil & eta a tankou Gouvènè Cuomo ak lidè relijye yo tankou Reveran Butts ak ikòn kominotè yo tankou Ruth Hassell Thompson - ak yon alokasyon fiks nan dòz vaksen yo, rezo mwen an pou kont li ka atenn plis pase 1 milyon Nouyòkè ki nan anpil nesosite epi ki nan ris chak mwa. Sa yo se Nouyòkè ki pa ta janm ale nan yon lopital pou pran vaksen an. Men yo pral vin wè doktè familyal yo. Epi sa se kilès nou ye. Men nou toujou bezwen dòz yo nan mezi pou nou kenbe pwomès sa a. Mwen mete anfas sou sa twòp: dòz nan men nou vle di dòz nan bra Nouyòkè yo. Nou rekonesan pou kolaborasyon kontinyèl nou avèk Gouvènè Cuomo, ki rekonèt ijans sa a ak kapasite rezo nou an pou fè sa nou fè pi byen: sèvi sila ki defavorize yo, trete pwòp katye nou yo, ak vaksinen manm kominote nou yo ki frape pi di".

"Vaksinasyon COVID-19 Northwell la ki ap administre jodi a nan Grace Cathedral International nan Uniondale ak nan Prayer Tabernacle Church nan Amityville se yon

etap enpòtan nan efò sansibilizasyon nou yo nan kominote koulè yo ki te frape pi di pa pandemi koronavirus la", **Michael Dowling, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health, te deklare.** "Nan kad Gwoup Travay sou Ekite Sante (Health Equity Task Forces) ke Gouvènè Cuomo te etabli nan tout eta a, Northwell ap pran devan Long Island, nan travay avèk lidè yo nan kominote divès yo sou ki fason ki pi bon pou enfòmè ak edike rezidan yo sou disponiblite, efikasite ak sekirite vaksen yo".

Eta a te kontinye etabli Twous Vaksinasyon Kominotè epi li travay avèk ofisyèl lojman pilblik yo, legliz yo, ak sant kominotè yo pou sipòte efò sa yo epi pou deplwaye twous yo nan kote ki apwopriye yo. Chak kit gen ladan enstriksyon etap pa etap sou fason pou etabli yon sit, ak founiti ak ekipman esansyèl tankou:

- Founiti Biwo
- Ekipman pou Pòs Travay
- Ekipman Kominikasyon yo
- Founiti Netwayaj yo
- Ekipman Ekleraj
- Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE)
- Ekipman Kontwòl Foul/Sikilasyon
- Flakon
- Sereng
- Separatè Pyès
- Rido pou Vi Prive

Ouvèti sit sa yo kontribiye nan objektif Gouvènè Cuomo pou asire distribisyon san patipri ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman [Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York](#) ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Pwokirè Jeneral Letitia James, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Gwoup Travay la ap travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)